






**SS.7.C.4.2 Klarifikasyon sou Nosyon Fondamantal 4:** Elèv yo ap egzaminen fason ke gouvènman an ak endividyèl yo ka sipòte òganizasyon entènasyonal yo.

Endividyèl yo ak gouvènman an, tou de ka sipòte òganizasyon entènasyonal yo. Anba a gen kèk egzanp sou kouman moun yo ak gouvènman yo ka ede w.

Non Òganizasyon	Non Kout	Senbòl	Objektif
Lakwa Wouj Entènasyonal/ Kwasan Wouj	Pa gen non ki kout pou li		Lakwa Wouj Entènasyonal se yon gwo òganizasyon entènasyonal. Li te fonde pou pwoteje lavi ak sante moun, pou pwomote respè pou tout èt imen, epi ede moun ki souffri akòz lagè oswa dezast natirèl.  Endividyèl yo ak gouvènman yo bay lajan pou sipòte Lakwa Wouj Entènasyonal, edike moun, epi sèvi kòm volontè.
Òganizasyon Non-Gouvènmanal (ONG)  Òganizasyon Entènasyonal Non-Gouvènmanal (INGOs) (OENG)	NGO/INGO (OENG)		ONGs/INGOs (OENG) se òganizasyon prive ki travay poukont li, a nenpòt ki gouvènman. Yo fè yon varyete de bagay sa yo: ede moun kap souffri, ede pòv yo, pwoteje anviwònman an, founi bezwen debaz tankou manje ak dlo, oswa ede kominote yo pou vin yon pi bon kote pou viv. Yo pa pèmèt reprezantan nan gouvènman pou rantre nan òganizasyon yo. Moun yo kapab travay pou ONGs/INGOs (OENG) oswa fè yo kado lajan
Nasyon Zini	UN (NZ)		Nasyon Zini te kreye pou kenpe lapè atravè mond la ak devlope relasyon zanmitay nan mitan nasyon yo.  193 peyi (gouvènman) se manm nan Nasyon Zini. Moun ka fè UN (NZ) kado lajan oswa travay pou li
Fon Nasyon Zini pou Timoun	UNICEF (FNZT)		UNICEF se yon pwogram Nasyon Zini ki bay èd ak pran swen manman ak timoun nan nasyon ki pòv yo. Yo ede a edikasyon, sante, manje, ak lòt pwoblèm.  Endividyèl ka fè UNICEF (FNZT) kado lajan pou kapab ede yo, epi ede yo pou edike lòt moun sou sa UNICEF (FNZT) fè.
Tribinal Entènasyonal pou Jistis	Yo konnen yo tou kòm Tribinal Mondyal		Tribinal Mondyal la bay konsèy legal a Nasyon Zini epi jere pwoblèm legal entènasyonal, tankou yon dezakò sou fwontyè ant peyi yo.  Peyi ka vin manm lè yo ranpli kondisyon UN (NZ). Moun yo kapab travay oswa fè estaj pou Tribinal Mondyal la.